

PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Merdhéka, Merdhéka, Merdhéka!

Kawilujengan saha karahayon mugé tansah kajiwa kasarira déning kula lan panjenengan sadaya sinartan berkah saha rahmatipun Gusti Allah ingkang Murbèng Bawana. Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisesa sadaya titah ingkang sampun cinipta ing jagad pramudita, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged nglempak lenggah ing sasana punika saperlu nindakaken tirakat kanggé hamèngeti dinten kamardikan Negari Republik Indonesia ingkang kaping 79.

Dhumateng panjenenganipun para pepundhèn sepuh ingkang kinurmatan. Ibu bapak saha para kadang wredha miwah tumaruna warga dusun Trimasan ingkang bagya lan mulya.

Langkung rumiyin mugé keparenga panjenengan sadaya kersa paring séwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula, déné sampun kumawani matur wonten ngarsa panjenengan sadaya. Inggih awit keparengipun para kadang panitiya, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Negari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun wonten ing titi kalenggahan punika. Para lenggah ingkang tansah gumbira ing manah, langkung rumiyin mugé keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara tirakatan ing dalu punika.

1. Pambuka
2. Atur palapuran saking pangesuhing panitia pèngetan kamardikan RI kaping 79 taun
3. Pamedhar sabda saking pangesuhing RT.03/RW.02 Dusun Trimasan
4. Donga kagem para Pahlawaning negari
5. Gelaring seni saking warga
6. Panutup

Ibu, bapak saha para kadang ingkang hinaywan Gusti Ingkang murbèng dumadi, makaten menggah rantamaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Negari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun ing dalu punika. Murih sadaya ingkang sampun rinantam punika saged lumampah kanthi widada nir ing sambékala, sumangga adicara punika pinurwakan kanthi kula panjenengan sami ndedonga manengku puja wonten ngarsanipun ingkang wenang Murba. Ndedonga kula dhèrèkaken. Sumangga.

Para kadang warga Dusun ingkang satuhu kinurmatan, sampun binuka korining adicara kanthi donga kula panjenengan sadaya, tumapak acara salajengipun inggih punika ... lan salajengipun.





Wiwit purwa madya ngantos dumugi nyaketi wasananipun adicara tirakatan ing dalu punika sampun lumampah kanthi widada kalis ing rubéda nir ing sambékala, kanthi punika sumangga panjenengan sadaya kula dhèrèkaken ngaturaken syukur dhateng Allah SWT kanthi maos tahmid sesarengan. Alhamdulillah rabbil 'alamin.

Inggang salajengipun saking kula pribadi inggang tinanggenah ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Negari Republik Indonesia inggang kaping 79 taun punika temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah inggang tebih saking kasampurnan turta cubluk ing pangertosan. Pramila mugi keparenga panjenengan sadaya kersaa paring samudraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula.

Pungkasaning atur kula Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Para sesepuh, pinisepuh ingkang tuhu kinabekten. Dhumateng panjenangnipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan dalasan keluarga. Saha dhumateng para rawuh kakung sumawana putri ingkang dhahat kinurmatan.

Langkung rumiyin sumangga tansah kula dherekaken manengku puja dalah puji syukur wonten ngayunan dalem Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha nikmat tuwin kekiyatan, satemah panjenengan lan kula wonten ing wekdal menika tasih saget kempal manunggal nyawiji wonten ing menika papan kanthi ginanjar karaharjan. Shalawat saha salam mugi katetepna dhumateng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang tansah panjenengan lan kula antu-antu menggah barakah syafa'atipun wiwit gesang wonten ing alam dunya dumugi ing alam akhirat.

Sagung para tamu ingkang dhahat kinurmatan, mugi linepatna ing deduka, tinebihna ing salwiring sesendu. Kalilalana, kula matur wonten ing ngarsa panjenengan sedaya, satemah nggempil kamardikan panjenengan sawetawis ingkang nembe eca sekeca nggenya wawan sabda. Mradapa awit keparengipun panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati, kinen nderekaken lampahing adicara wonten ing wekdal menika.

Namung, saderengipun bokbilih samangkih kathah kalepatan anggenipun nderekaken lampahing adicara, kula tansah nyadhong lumunturing sih samudra pangaksama. Salajengipun badhe kaaturaken menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Nun inggih adicara ingkang sepisan pambuka. Kalajengaken adicara angka kalih nun inggih atur pambagyo harja saking keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Tumapaking adicara angka tiga nun inggih wedharing pangandikan saking keluarga Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Adicara angka sekawan nun inggih atur panampi saking panjenenganipun keluarga bapa Anton Firdaus, MA. minangka hamengku gati. Sasampunipun, sumene saha pirembagan mirunggan, titilaksana adicara ingkang pungkasan nun inggih panutup.

Mekaten menggah urut reroncening adicara ingkang badhe anggregani wonten ing wekdal menika. Rehning sedayanipun sampun samekta ing gati, pramila adicara tumuli badhe kawiwitan. Sumangga kapurwakan kanthi kula dherekaken maos Basmallah sesarengan, Bismillahirrahmanirrahim. Maturnuwun. Mugia adicara menika saged lumampah kanthi rancag wiwit purwa, madya, ngantos dumugi ing wasana.

Sagung para rawuh ingkang sinugata pakurmatan, adicara angka kalih nun inggih atur pambagyaharja saking keluarga hamengku gati. Pramila dumateng Bapa Suryono minangka



duta wicara, kasumanggaaken. Mekaten wijiling pangandikan saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara. Pramila ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan.

Dungkap ing titilaksana adicara angka tiga nun inggih babaring sabda saking panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan. Pramila dumateng Bapa Hasan Kiswoko minangka duta caraka ingkang minangka sulih sarira, sumangga.

Kados sampun terang terwaca wedharing pangandikan saking Bapa Heru Susanto, S.H. calon kadang besan lumantar duta caraka. Pramila tumuli badhe tinanggapan dening panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar Bapa Suryono minangka duta wicara murih saget atur wangsulan ingkang gumatok. Dhumateng panjenenganipun Bapa Suryono minangka duta wicara, sumangga.

Mekaten atur panampi saking panjenenganipun bapa Anton Firdaus, MA minangka hamengku gati lumantar duta wicara, ingkang kula pitados saestu damel suka birawaning penggalih panjenenganipun Bapa Heru Susanto, S.H. minangka calon kadang besan, langkung-langkung Dimas Bagus Sertu Rayhan Andrean minangka calon manten kakung, ingkang Insya Allah badhe kasembadan gegayuhanipun anggarwa Nimas Ayu Rita Hapsari, S.Pd. minangka calon manten putri. Kula ndherek memuji mugi Allah ingkang Maha Kawasa ngijabahi sedya tama panjenengan saged kasembadan kalis ing rubeda.

Para rawuh kakung saha putri ingkang dahat kinormatan, rehning sampun wonten manunggaling rembag ingkang gumatok, pramila sinambi hanglajengaken pirembagan mirunggan, sumangga kepareng kula dherekaken tumuju ing panti bujana, kepareng angrahabi pasugatan ingkang sampun sumedya kanthi mardu mardikaning penggalih.

Para sesepuh, pinisepuh saha para rawuh kakung sumawana putri ingkang tuhu kinormatan, sampun wonten sasmita bilih gatin ing adicara wonten ing wekdal menika sampun dumugi ing paripurna. Pramila bokbilih anggen kula ndherekaken adicara wiwit purwa, madya, dumugi ing wasana wonten kekiranganipun, saestu kula nyuwun lumunturing sih samudra pangaksama. Sumangga pepanggihan wonten ing wekdal menika hamungkasi kanthi memuji wonten ngarsa Gusti ingkang Maha Mirah kanti maos hamdalah sesarengan. Alhamdulillahirabbil 'Alamin.

Pungkasaning atur, wabillahi taufiq wal hidayah, Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

